Нобэ Гъэрэ щIырэ зэхокI

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЕ ХАБЗЭ

АДЫГСКОЕ СОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТымрэ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ПЛАНДЗЕРЭ КЪЫДОКI

№49 (22.207) ● 2012 гъэм гъатхэпэм (мартым) и 21, бэрэжьей ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр соми 3-щ ●

adyghe@mail.ru
adyghepsale.ru

Къанокъуэ Арсен Сирием щыщ студентхэм ядоIэпыкъу

● Псалэ

КъыщыщIынур зыми ищIэркъым. Ауэ уи Быхьлыхэмрэ ныбжьэгъуэхэмрэ уащыхэсым, уи хэку ущисыжым и деж гузэвэгъуэрэ нэхъ IэтыгъуэафIэщ. НэгъуэщI хэку ущыIэу, уи Быхьлыхэр упэжьжьэу къыплъыкIуэкI гугъуехьхэр псом хуэмыдэу хьалъэщ. Апхуэдэ щытыкIэ иуващ Сириемкъикlауэ ди деж щеджэ адыгэ куэд.

СТУДЕНТИ 100-м нэблагъэм ящыщу 88-м я Быхьлыхэр ахъшэкIэ къалъэмыIэсу икIи зыхэпсэукIын ямыIэу мазэ кIуам къэнащ. Абы быхэкIыу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ Къанокъуэ Арсен есым и ахъшэу дэтхэнэми сом мини 5 яхухихащ.

КъБКъУ-м и епIанэ курсым щеджэ, Сирием щыщ ди лъэпкъэгъу студентхэм я хасэм и Iэтащхьэ Джэнтэр Самий республикэм и Iэтащхьэм ятхуэдэ дэIэпыкъуныгъэм папщIэ фIыщIэ ин хуищIащ икIи Къанокъуэ Арсен и Iуэхур efIакIуэу, хуэмыщIахэм яридэIэпыкъуну къызыхихьи мылъку иIэу адэкIи екIуэкIыну къехъуэхъуащ.

БЕЛГЪЭРОКЪУЭ Марьянэ.

● Хъыбарыф

Накъыгъам зэрызыдгъэпсэхунур

Урысей Федерацэм и Премьер-министр Путин Владимир Iэ щIидзащ накъыгъэ (май) мазэм и махуэшхуэхэм зэрызыдгъэпсэхуну щыкIым.

ЭФИР занщIэкIэ упщIэхэм жэуап щиритым, ди къэралым и цIыхуэхэр нэхъ зыгъэпIейтейуэ зыхьанэщIэхэм ящыщIу ильэсыщIэр къыщIагъэхьэм и деж кIыхьыIуэу лэжьыгъэр зэрызэпагъэр. Жэрдэм къыжьхалъхат абыхэм ящыщ зыбжанэ накъыгъэм и махуэ льапIэхэм ягъэIэпхъуэну. Урысей Федерацэм и Правительствэм и Унафэщым абы щыгъуэм цIыхуэхэр къиргъугъат махуитI-щы щIымахуэ зыгъэпсэхуугъэм къыкIэрачу, гъатхэм кьахьыну.

Арщхьэкlэ ар занщIу блэжь хъу Iэхъугъуэхэм ящыщкъым. Абы кьыхэкIыу, мы гъам накъыгъэм и зыгъэпсэхугъуэ махуэхэр зрагъэIуну мурад ящIащ. Путиным Iэ зыщIидзэ унафэм ипкъ иткIэ, зыгъэпсэхугъуэ махуэу щытынущ мэлыжьыхьым (апрелым) и 29-м щыщIэдзауэ накъыгъэм и 1-р хихубыдэу. ИтIани зэманияплIкIэ (накъыгъэм и 2 - 5-хэм) дылэжьэнурэ, абы кьыкIэлъыкIуэу апхуэдизэ дыдэкIэ (накъыгъэм и 6 - 9-хэм) арэуэру зыдгъэпсэхунур. Пэжщ, иужькIэ, ягъуэ дызрихьэлIэ щэбэтым (накъыгъэм и 12-м), дылэжьэнурэ, «щIыхуэр дыпшынысынущ».

УФ-м и Правительствэм и Унафэщым дыкьыдзэрригъэуГъаМкIэ, етIанэгъэ зыри дыпшынышжу накъыгъэм и пэщIэдзэм зэкIэльхьэжьку махуэ зыбжанэкIэ зыдгъэгъэпсэхунущ.

Иджы щIымахуэм и кIыхьагъкIэ бэлыхь куэд ттезыгъэлъа «гъэмахуэ зэманыр» и пIэм ирагъэувэжкатэмэ, Iуэхур тэмэм хьужат. ЗэрыфщIэщи, нэгъабэ и гъэмахуэ зэманыр зы сыхьэтIкIэ ягъэ ирагъэщри, абы кIыфIэхьэту щыхуэхэр ящыщ. Абы щытаранати, кIыфIэхьэхэту щыхуэхэр лэжьапIэм, сабийкэр садэхэмрэ школхэмрэ кIуэн хуэфащ, пщэдджжьым зэрызагъэпсэхуну зыхьэ зы сыхьэт фIашхуэу. Абы тхьэусыхафэу кушыар машIэжьым икIи Путин Владимир аехр зэрызэхихар икIи хуэфащэм гъэтрищIыкIхьынур эфир занщIэм щыжиIауэ щытащи, дыпэплъэнщ кърикIуэнум.

ХЬЭТАУ Исльам.

● Гу зыгъэпсэфыгъуэ

Iулъхьэм фебэн!

Iулъхьэ зэрызэIэпахьм, коррупцэм пыщIа Iуэхуэхэр зэрадзэжьым е ялэжьыну зэрызагъэхьэзыр теухуа хьыбархэм фыщIыгъуэзэмэ, сыт хуэдэ зэманми фыпсалъэ хьунущ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Администрацэм и деж щIыIэ:

8(8662) 47-17-79, 47-32-56 телефонхэмкIэ.

Нэхъыжьхэм защIэгъэкъуэным теухуа республикэпсо щэбэт щыхьэхуэ егъэкIуэкIыным и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

1941-1945 гъэхэм екIуэкIа Хэку зауэшхуэм ныкъуэдыкъуэ хэхъухьаХэмрэ абы хэтахэмрэ, апхуэдэу зауэм хэкIуадэхэм я щхьэгъуэзэм зэрызыщIагъакъуэ егъэфIэкIуэн икIи абы адэкIи социальнэ дэIэпыкъуныгъэ етын мурадкIэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещI:**

1. Зауэм, лэжьыгъэм, Iэщэкlэ ЗэщIэузэда Къарухэм, хабзэхъуэмэ органхэм я ветеранхэм (пенсионерхэм) я Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Профсоюзхэм я федерацэм кьыхалъхьа жэрдэмыр ядэIыгъын икIи нэхъыжьхэм ядэIэпыкъуным теухуа республикэпсо щэбэт щыхьэхуэ 2012 гъэм гъатхэпэм и 24-м егъэкуIэкIын.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэралыстым и гъэзэщIакIуэ органхэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и муниципальнэ районхэмрэ кьалэ округхэмрэ я щIыналъэ администрацэхэм, зи мылъкум емылытауэ, Iуэхущ Iапх эм, предприятэхэм, организацэхэм ящыщ етын нэхъыжьхэм защIэгъэкъуэным теуха республикэпсо щэбэт щыхьэхуэм хэтыну икIи зы махуэ лэжьапщIэр абы и фондым халъхьэну.

3. Нэхъыжьхэм защIэгъэкъуэным теуха республикэпсо щэбэт щыхьэхуэм хэтахэм езыхэм я фIэфIыныгъэкIэ фондым псапащIэ ахьышу халъхьэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетым и хэхъуэу ягъэхъ 9611170502002000180 «Урысей Федерацэм и субъектхэм я бюджетхэм налогхэм щымыщу я кIиныкIыщ хэхъуэхэр» кодымкIэ 40101810100000010017 «Урысей Федерацэм и бюджет Iэнатlэр зэхуагъэхьхьажьи папщIэ Федеральнэ хозначействэм и органхэм трагуашэ хэхъуэхэр» счетым.

4. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Iэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкIэ и министерствэм (Тюбеев А. И.), Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Финансхэмкlэ и министерствэм (Бышэн А. А.) ихуэгъэзыкIын щэбэт щыхьэхуэм и фондым кьыхалъхьа ахьышэм и хьэкIэ:

гъэ кьэси хуэдэу, Хэку зауэшхуэм ныкъуэдыкIуэ хэхъухьаХэмрэ абы хэтахэмрэ, зауэм хэкIуэдахэм я щхьэгъуэзэм зэ тIыгъуэ зэрадгъэпсэху ахьышу дэтхэнэми сом мини 5 етыныр 2012 гъэм накъыгъэм и 9-м нэсыху зэфIагъэкIыну;

муниципальнэ районхэмрэ кьалэ округхэмрэ я щIыналъэ администрацэхэм, апхуэдэу ветеранхэм я кьалэ (район) советхэм ягурыIуэу, Хэку зауэшхуэм ныкъуэдыкIуэ хэхъухьаХэмрэ, зауэм хэкIуадахэм я щхьэгъуэзэхэм ящыщу зи закъуэу псэужьи икIи зи унэхэр икIэщIыпIэкIэ зэгъэпэщIыжьын хуейхэм 2012 гъэм кьрихубыдэу ядэIэпыкъуну.

5. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Цыхубэ хъыбарегъащIэ Iэнатlэхэмкlэ и кьэралыгъэ комитетым (Къумахуэ М. Л.) хуэгъэувын нэхъыжьхэм защIэгъэкъуэнымкIэ республикэпсо щэбэт щыхьэхуэр зэрагъэкIуэкIым теуха материалхэр цIыхубэ хъыбарегъащIэ Iуэхущапсэхэм кьытрегъэзэнырр кьыззэригъэпщIыну.

6. Мы унафэр зэрагъэзащIэм кIэтыпIъыну и пщIэ илъхьэн Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и япэ кьуэдзэ Жылэ В. Хь.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщI ГЕРТЕР Иван

● Республикэм и куейхэм

Заводым и зыужьынигъэм еврэ мелуани 4 хухах

«Тэрч налмэс» ОАО-м и зэфIэкIым хегъахьуэ. 2009 гъэм зыхэта финанс, лэжьыгъэ гугъуехьхэр абы хъарзынэу кьыззэринэкIащ. Иужьрей илъэситIым кьриубыдэу налмэс Iэмэпсымэхэмкlэ рынокым хуэм-хуэмурэ лъэ быдэкIэ хьыкъажам и мызакъуэу, и щэхуакIуэхэр кьигъуэтыжащ, пIалъэ кIыхькIэ зарыдзэрэжьэну зэгурыIуэныгъэхэр нэгъуэщIхэм ярищIылIащ.

НэгъабэрэкIэ упщIэхэм, коррупцэм пыщIа Iуэхуэхэр зэрадзэжьым е ялэжьыну зэрызагъэхьэзыр теухуа хьыбархэм фыщIыгъуэзэмэ, сыт хуэдэ зэманми фыпсалъэ хьунущ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Администрацэм и деж щIыIэ:

8(8662) 47-17-79, 47-32-56 телефонхэмкIэ.

Къуэш ныбжьыгъэхэм

Япэ кIапсэ гъуэгур къызэIуах

КЪУЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. ***Республикэм къыщызэIуахащ япэ кIапсэ гъуэгурэ бгы-лыжь трассITIымрэ. Абы кьрихьэлIащ КИФШI-м УФ-м и Президентым и лыкIуэу щыIэ, УФ-м и вице-премьер Хлопонин Александр икIи итъэгъуар гуэнэ щыхъуащ.***

КАВКАЗ Ищхьэрэ турист кластерым и япэ курортыр зэкIэ кьызэIуахуэ аращ. Архьэщым иджыри хьэщIэщхэр, гъуэгу тэмэмхэр щыIэкIыхьм. «Архьыз - Синара- компаниемрэ унафэщI Старков Юрий зэрыжьиIамкIэ, инвестицэ проектым сом 1 мелард хухахакIэщ. Псори зэхэту Архьыз курортым сом мелард 80 текIуэ щагъэлажьэ программэхэм кIуэ пэтми кььхохьэу. Абыхэм я фIыгъэкIэ илъэс кIуам илъ гъэм нэхъыр процент 22-кIэ нэхъыбэ хадэхэкI мэкъумэш хозяйствэхэм къыщрахьэлIэжащ икIи районым фейдауэ сом мелардри 2-м нэс къыхихьащ.**

«ХАДЭХЭКIIХЭР кьыщагъэкI щIыр гъэпшэрын» программэм ипкъ иткIэ, кьэралым сом мелуани 2 кьахуиутIыпщащ. Абыкlэ техникэр кьызэмэщIыкI мэкъумэш Iэнатlэхэм ядэIэпыкъуащ. Прохладнэ районым сыт щагъуи зэфIэкIыу иIэр ирехьэлIэ иджыирей техникэхэмкIэ хозяйствэхэр нэсу къызэрэпэщыным. Иджьпсту мэкъумэшыщIэхэм яIащ сом мелуан 60 и уасэ техникэ, нэгъуэщI Iэмэпсымэхэр. Мелуани 3 и уасэ лизингыу кьыIахащ.

Районым и унафэщIэхэм зэрыжаIэмкIэ, гъатхэ вэн-сэным сыт и лъэныкъуэкIи пасэу зыхуагъэхьэзыращ: езым кьагъэкIыжа жылапхъэфIэхр, дагъэгъэсыныхэр, щыгъэпшэрхэр яIэщ. Щым псыгъэр зэрыхэкIыу, гъатхэсэм щIадзэнущ. Иджьпсту бжьыбзэсэ гъавапкъэр ягъэщабэ, абы кьыдэкIуэу щыгъэпшэрхэмкIи йолэжь.

ЛЪЮСТЭН Музэ.

● Гъэпъэгъуэныгъэ

Санкт-Петербург и Ленэксполъэгъуащ Iэ комплексым гъатхэпэм и 13 - 15-хэм щекIуэкIащ «Санкт-Петербург - Урысеймрэ ирэгъуэщI къэралхэмрэ я щIыналъэхэр» ехапэ зэхьыхьэщхуэр. Экономикэ зэпэщIэныгъэмрэ щIыналъэ зэныщIэныгъэхэмрэ къызэгъэпэщыныкIэ Урысейм щыпхъи ин дыдэ я Iуэхум хэтащ УФ-м и щIыналъэ 18, Германиемрэ, Италиемрэ, Япониемрэ, Великобританиемрэ, Финляндиемрэ, Китаймрэ, Румынием щыщ компаниехэр.

«Iуащхьэмахуэ и жыг хадэхэм» заубгъу

КЪЭБЭРДЕЙ-Балъкъэрым и лIыкIуэу зэпымыуэ Санкт-Петербург щыIэ Сэралъп Альберт хьыбар кьызэрядигъащIамкIэ, а экономикэ зэIуIэпэхуэм хэтащ республикэм и предприятэхэу «Этана» полимер кьабзэхэр зыхуэдэм икIи абы щIэупщIэхуэу иIэну кьыщIэкIынщ. Къэралым и щIыналъэ куэдым ящыхэну щыIэ мылъку хуэнуц «Iуащхьэмахуэ и жыг хадэхэр» ООО-м щхьухьхэр кьымыгъэсэбэпу игъэкIмыIэрсэри. ИлъэситIым кьриубыдэу а предприятэм пасэу зыкIэзыпыкIэ мыIэрысейхэр махуэ и жыг хадэхэр» ООО-р, «Синдика» хьэщIэщыр, «Налшык» курорт» акционер зэгуэхэнагъэ зэIухар.

«Гъэлъэгъуэныгъэм кьрихьэлIахэм яфIэгъэщIэгъэну щыгъуазэ защIащ «Этана» заводым кьыщIигъэкIыну полимер кьабзэхэр зыхуэдэм икIи абы щIэупщIэхуэу иIэну кьыщIэкIынщ. Къэралым и щIыналъэ куэдым ящэхуну ущыгугъ хьунуц («Iуащхьэмахуэ и жыг хадэхэр» ООО-м щхьухьхэр кьымыгъэсэбэпу игъэкIмыIэрсэри. ИлъэситIым кьриубыдэу а предприятэм пасэу зыкIэзыпыкIэ мыIэрысейхэр щIышхуэм щыхисащ. Мы Iуэхущапх эм апхуэдэу иухуащ пхъэщхьэмащIхьэр зыхуей хуэзэу, и фIагъыр фIэмыкIуэду зы илъэсым изблагъэкIэ щызэпхъэфыну иджырей хьэмапIэхэр. «Эрпак» Iуэхущапх эм продукцэу кьыщIигъэкIымрэ ищэмрэ зригъэубгъунымкIэ Iэмал псори иIэщ. Ди республикэм ирашауэ Санкт-Петербург щагъэлъэгъуа экспонат псоми дипломхэмрэ щIыхь тхыльхэмрэ кьыхуагъэфэщащ», - жиIащ Сэралъп Альберт.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущапх.

Президентым и лIыкIуэу ягъэув

АДЫГЕЙ. ***Краснодар крайм и губернатор Ткачев Александр УФ-м и Президентым и лIыкIуэ хаха кьуэлыкьур иджы Абхазым щрихьэкIынщ.***

«СИ ДЕЖКIэ ар жэуаплы-ныгъэшхуэ зыпылъщ. Сэ Урысей Федерацэм и цIыхуу, Абхъазым щIыхь зиIэ и цIыхуу сыщыкIэрэ, лъэныкъуитIыр нэхъри гъунагъу зэхуэхъунрэ, я зэпыщIэныгъэр ефIэкIуэным я Iуэхуэкlэ схуэзэфIэкI псори злэжьынуш», - жиIащ Медведев Дмитрий мэрем кIуам а кьаданэр пщэрылъ зыщищIа Ткачев Александр.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

Дунейм щIыхьыбархэр

США-м и мылькукIэ

- США-м и правительствэм мыльку яхунутIыпщкъым икIи ахунутIыпщынчкъым Урысейм и политикэ партэм, зэщIэхьеенныгъэхэм, политик щхьэхуэхъуэм, - жиIащ дыгъуэзэ Америкэм и Щтат Зэгуэтхэм я щэкольстиу Москва щыIэм и Iутащхьэ Максфол Майкл.

ИкIи ардыдэр абы щитхащ «Твиттерым» щиIэ микроблогым.

Арщхьэкlэ, махуэ зыбжанэ и пэ Вашингтон, Петерсон и цIэр зезыхьэ Дунейпсо экономикэмкIэ институтым, кьыщыщыпсалъэм, Макфол Майкл кьыхихэщащ Урысейм и граждан жылагъуэм зыщIэгъэкъуэным мылъку хухихыну США-р зэрызэзыырыр, абы папщIэ фонд щхьэхуэ кьызэгъэпэщын зэрыхьэр.

Даун, гурыIуэгъуэщ абы пэжыр щIыIуэта щыIэпхъ.

36.000 ягъуэтыжакъым

Ныкъуэдыкъуагъэм, сабий зеиншэ зэрищIым пэкIуэ пенсэхэр зрат цIыкIу мин 240-р Адыгеим и властым щIрыщIэу кьыхихьыжати, абы хэм ящыщу цIыху мин 36-р ягъуэтыжакъым. НэгъуэщIу жыпIэмэ, процент 15 хуэдизыр дунейм ехыжауэ, абы я щIэкIэ пенсэр Iыхьлъхэм кьыIахуэ кьыщIэкIащ.

Аладжым узыншагъэр хьумэнымкIэ и министерствэм гъатхэпэм и 1-м щыщIэдзауэ а цIыху мин 36-м ахъшэ зэрарилытыным и фIыгъэкIэ, къэралым кьыдигъэхуэнущ мазэ кьэс еврэ мелуани 111-рэ. Абыхэм ахэтщ ныкъуэдыкъуагъэм и пенсэр гъэпсыгъэ. Ныкъуэдыкъуагъэм и япэ гупым и пенсэр зрат цIыку мин 17-р ушышэу кьыщIэкIащ, сабий зеиншэ зэрапIым кьыхэкIыу, пособие зыIэрыхьэ щIыху мини 10-м япI сабийр комиссэм и пащхьэ кьрашэфакьым. Нэфу цIыху минитI, зи акъыл мытэмэму цIыху ку мэпхъ ныкъуэрэ лажьэ лъэпкъ ямыIэу, узыншэу кьыщIэкIащ.

Бжьгъэ шынагъуэ

ЦIыхуцIэ зиIэр дунейм зэрыгетрэ ди ЩIым и хьэзэр хуабэ гъэпсыгъэ гъэмэ нобэ хуэдэу зэи куэдхьакъым. Ар къыщыгъэлъагъуащ Австралиемрэ и правительствэм щIэныгъэмрэ промышленнэ къэхутэныгъэхэмкIэ Iуэхущапх эм ирагъэкIуэкIа гъжьыгъэм, Абы и щIэныгъэлIхэм къызэрахутамкIэ, 2011 гъэм углеродым и двуокису хьэуам и молекулэ зы мелуаным хэтыр 390-рэ хьэуэ кьыщIэкIащ. А бжьгъэм и хуэдэу дыдэу зиIэтакIыкIэм нужьрей илъэс мин 800-м.

Углеродым и двуокисыр хьэуам нэхъыбэ хэхъухьыным псом хуэмыдэу телажьэр щIыхь мышIенностым кьыпIкIэрыкI газ лIэужьыгъуэхэращ.

«Ди кьэхутэныгъэхэм кьагъэльагъу ди ЩIым и дуней щIытыкIэр зэрыщыту нэхъ хуабэ зэрыхьур, ар нэхъыкIэ хьуным щIыхуэ и Iуэхущапх эм псом хуэмыдэжу сыхьэт 19-рэ дакьикъэ 19-м.

Хьэуам и псыIагъэр процент 52 - 93-м кьэсэнущ.

ПIалэпэр зыгъэхьэзырар ГЪЭЩIО Зарифи.

Угъурлыуэ Тхьэм къытхущIигъэкI!

Адыгэхэр дунейм тет лъэпкъ нэхъыжь дыдэхэм ящыщщ. Илъэс мин бжьыбэхэм кьыщызэрэкъым абыхэм я тхыдэм, я хабзэм и лъабжьэр кьыщежьар. Абы зэманэ блэжьа куэдым я нэпкъижьэ тельщ. Ар уи фIэщ хьун щхьэкIэ ирикъунщ адыгэбзэм и кьулеягъыр, абы хэт фIэщыгъэщIэхэм я къэгъэхьукIэм и гъэщIэгъуэнагъыр. Ещхьыркъабзэщ адыгэ хабзэм щыхуэм я зэхуэцытыкIэ дахэхэр зэрызэригъэкIуэр, дунейм ирэгъэ щыхуэмрэ я ныбжьэгъуэхэр ди хабзэхэмрэ лъэпкъ нэщэнэхэмрэ кьызэрыхэщыр.

АПХУЭДЭУ дыкъэзыухъуреихь щIыуэпсым и щытыкIэ зэхуэмыдзэхэмрэ абыхэм яIэ пIыпIэ зэмыщхьэмрэ игу ириубыдэкIэрэ, дунейм хуэIэзэ хьуурэ, щIыхум бгъэдэль щIэныгъэм зригъэуэщIыр. Нэхьыбэу абы гульытэ зыхуищIыр дуней кьэхуькъащIэхэрат. Мэкъумэш щIэным зи ЩащIэр теухуауэ щыт адыгэхэм абы екъэлIа Iуэхугуэр псоми зрагъэужьыр. Iэщым хэтым, Iэщ зезыхуэм - абы и пIалъэ ищIэрт. Ар IупщIу щынэрылъагъущ ижь-ижьык льандэрэ адыгэхэм кьыдекIуэкI хабзэхэмрэ зетхъэ лъэпкъ хьэпымрэ. Абыхэм хеубыдэ ди махуэрыбгъэрэ.

Япэ щIыкIэ адыгэм илъэсыр Iыхьлитlу дгуэшу щытагъэнущ - гъэрэ щIырэ е гъэмахуэ пIалъэрэ щIымахуэ пIалъэрэ. Абы и щIыхьэту кьыщIэкIынщ нобэ ди гъащIэм хэт псалъэуха «Гъэрэ ЩIырэ зэхэщIащ» жыхуэIэр. Нэхъ иужьрейуэкIэ илъэсыр пIалъиплIу ягуэш хьуащ: гъатхэ, гъэмахуэ, бжьыхьэ, щIымахуэ. Мыбы дэтхэнэ зыми мазэ щырыщ яубыдырт. Мазэм махуэ 30, ауэ щыхьыкIэ, илъэсым махуэ 360-рэ кьэрихубыдэу апхуэдизт. ЗэрыгурыIуэгъуэщи, илъэс кьэс махуэ зытхух кьыщидзэрт. Аdeveloper адыгэхэм тхьэлъэIу махуэхэм ящыщт Гъэрэ ЩIырэ щызэхэкI махуищыр, IутIыж, вакIуэдэкI, вакIуэнхьэк, удэзыпсэуэтх, гъубжьдэх, Созэрэщ и тхьэлъэIу, Тхьэшхуэгуфхьэк, хьуромэ махуэхэр, нэгъуэщIхэрэ.

Мыбдежьым кьыхэгъэщIапхъэщ адыгэхэм (абыхэм я закъуэжьым) ипэкIэ зэманыр апхуэдизу зэпэлытауэ, мы Iуэхур мы махуэм, мы сыхьэтым, мы дакьикъэм техуэу щытын хуейщ, жаIэу зэрыщымытар. Абы, щэч хэмылъу, дунейм и щытыкIэм хуэнабдзэгубдзапIэт. Гу нэхъ зыльатэр дыгъэм, мазэм, вагъуэхэм я щытыкIэрт. Псалъэм папщIэ, дэтхэнэ кьуажэмэ зы бгыщхьэ е Iуащхьэ, жыг хуэ гуэрхэр иIэти, абыхэм я щхьэщыгум дыгъэр кьнуамэ, кьулшыкIу, кьулшыкIушхуэ, щэджагъуэ хьуащ, жаIэрт. ПсэупIэ унэхэм я гупэхэр кьуэкIыпIэм нэхъ хуэгъэзащ щыгтти, бжэ, щхьэгъубжэ даззэхэм кьыдидз дыгъэ бзийхэмкIэ хуутрат махуэм и пIалъэхэри. Махуэм и кIуэцIкIэ мыкъэнэщхуэ зрагъэкIуэ щыщIт дыгъэм, ар зытепсэхэм ядэ ныбжьыкъэм. Жэщым гъуаззэу кьагъэсэбэпырт вагъуэхэр, вагъуэбынхэр.

Апхуэдэу илъэсыр Iыхьлитlу зэрагуэшыр адыгэхэм ирапхырт «Вагъуэбэкlэ» зэдзэ вагъуэбыным. Ди анэдэлъхубзэм кьыхэнауэ иджыри хэтщ мыпхуэдэ жыIэгъуэхэр: «Вагъуэбэгр щIым_кьэкIащ», «Вагъуэбэгр гъавэм кьыхэпIльащ», «Вагъуэбэгр жыг щхьэкIэм хьихащ», «Вагъуэбэгр щIым щыхьэжащ». Мы псалъэухэхэм щыщщ дэтхэнэмэ щыуэхыкIа иIэт икIи гъэм и зэман хэхам епхауэ жаIэрт.

Вагъуэбэгр щIым кьыхэкIауэ щалытэр гъатхэм и деж махуэмрэ жэщымрэ зэхуэдэ щыхьэ зэманыр. **Иджырей ди махуэрыбжьэм тепщыхьмэ, ар зыкъуэкIэ гъатхэпэ мазэм и 21-22-р араш. Мыбы ирихьэлIэу адыгэхэм илъэсыщIэр кьихьауэ яльытэрт. «Гъэрэ ЩIырэ зэхэкIащ», - жаIэрт абы щыгъуэ.** ИлъэсыщIэр кьыщихъэ махуэшхуэм теухуауэ унагъуэ кьэс мафIащхьэтыхь (иужькIэ мафIащхьэ джэд жаIэ хуэщ) ящыщрт, гъэфI кьаритыну Тхьэм ельэIуртт, щIалэгъуалэр хьуромэ джэгурт. Мы тхьэлъэIум нэгъуэщI хабзэ хьэлэмэтхэри пыщIат, Гъэрэ щIырэ зэхэкIа иужькIэ, IутIыж тхьэлъэIур ящIырт. Тхьэдэм кьызэрэхэмкIэ, абы и деж джэдыкIэ куэду ягъаIэрэт, джэдыкIэрэ щIым ягъэгъэсырт, губгъуэм дэкIыуэр джэгу ящIырт. IутIыжьым и ужькIэ джэдыкIэ ягъажьэу е ягъавэу ящхьрэтыжьым, джэдэр кьуэту джэджькIэ кьрашу яутIыщыжьхэу. Ещхьыркъабзэщ, щэнэнэмэ табу трапхьэрт, щIэжьейм замаужьауэ зыгуэр кьэбубкIыныр гуэныхьышхуэ зыпIэ Iуэхуэгъуэ кьалытэрт.

Гъэрэ ЩIырэ щызэхэкIам кьыщыщIэдзауэ я зэп мазэ 30-м гъатхэпэм мазэмкIэ едэжэрт. КъыкIэпхьыдIуэ мазэм щхьэкIэ гъатхэкъ жаIэу, ещанэм гъатхэкIэ фIащауэ щытащ. Апхуэдэ фIэщыгъэщIэхэт яIэу щытар гъэмахуэ, бжьыхьэ, щIымахуэ мазэхэмэ. Илъэсым и пIалъэхэр зэрыцIэрыщIтащи, Вагъуэбэм и щIыкIэм елытат. Вагъуэбэгр гъавэм кьыхэпIьамэ (ар зыкъуэзэр мэкъуаугъэгъэм (июным) и 21 - 22-хэрат), гъэмахуэм щIидзауэ ягъэтрэт. Вагъуэбэр жыг щхьэкIэм хьихьамэ, фокладэм (сентябрым) и 21 - 22-хэм, бжьыхьэр кьихьауэ арат. Ауэ Вагъуэбэр щIым хьэжжаиэ, дыгъэгъэзащ (декабрым) и 21 - 22-хэм, щIымахуэр кьэсауэ ябжьырт.

Дунейм и щытыкIэмрэ дыгъэм и кьепсыкIэмрэ, мазэм иГъуэтэ тепIьмрэ вагъуэхэм я зэхэуэрыкIэмрэ ятепщыхьмэ, нобэ Вагъуэбэр щIым кьыкъэкIащ. Гъатхэм и Iэдий щхьуантIэхэм щIыпIэм хуиту зыщагъкъуэдий, Гъэрэ ЩIырэ щызэхэкI зэманщ, гъэ бэв дийэну, и пIалъэ угъурлыуэ кьытхущIэкIыну, насып кьытхуихьыну Тхьэм жиIэ!

ЩХЬЭЛЫКЪУЭ Мэстафэ.

t Наурызым и дунейпсо махуэщ - Евразием и лъэпкъ кущым ятIэщIапIэ гъатхэм и гуфIэгъуэу икIи илъэсыщIэм и махуэу. Абыкlэ абы зэрелэжьи икIи зэригъэзэлапIэр Гъэрэ ЩIырэ щызэхэкI махуэщ.

t Лъэпкъ зэхэгъэкъуэгъэ гъэкIуэдыным щIэнынымкIэ Дунейпсо махуэщ

t Усыгъэм и дунейпсо махуэщ

t Гуащэ театрым и дунейпсо махуэщ

t Намибие Республикэм и лъэпкъ гуфIэгъуэщ - 1990 гъэм кьэралыгъэ щхьэхуит хьуащ. И 1918 гъэм Совет властыр Къэбэрдеймрэ Балъкъэрымрэ щагъэуващ.

Дунейм и щыгъуэнур:

«meteonovosti. ru» сайтым кьызэритымкIэ, нобэ Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ, хуабэу махуэм градус 13, кьыжьым градуси 9-м нэс щыIэнущ.

Дыгъэр кьыщIэкIынущ сыхьэти 7-рэ дакьикъи 6-м, кьуэхьэкынущ сыхьэт 19-рэ дакьикъэ 19-м.

Хьэуам и псыIагъэр процент 52 - 93-м кьэсэнущ.

ПIалэпэр зыгъэхьэзырар ГЪЭЩIО Зарифи.

Лъэпкъ Iуэщыгъэ:

Адыгэ хабзэр адэ щIэныжьыщ.

Я зэфIэкIым хагъахъуэ

КъБР-м Промышленностымкl, связымрэ информатизацэмкl э и министерствэм и коллегием и зэIущIэ гъатхэпэм и 16-м зэхэтащ. Абы щыгъэпкрахащ нэгъабэ зэфIагъэкIахэмрэ мы гъэм кьалэпщыт кьалэнэхэмрэ.

МИНИСТР **Шипов Владимир** и отчет докладым кьыхэрыхигъащамкIэ, Къэбэрдей-Балькъэрым и промышленнэ комплексыр республикэм и социально-экономикэ зыужьынигъэм и стратегие унэтIынитIыгъэхэм ящыщ. Предприятэхэм я нэхъыбэм 2011-2016 гъэхэм ятещIыхьа инвестицэ проектхэр яIэщ. 2016 гъэ пщIондэ Iэнатlэхэр егъэфIэкIуэным, щIэхэр кьыхэзыхьым, щыIэхэм я льэщагъым хэгъэхъуэным, зегъэубгъуным теухуа инвестицэ проектхэр сом мелард 30,2-рэ я уасэщ. Нобэ ирихьалIэу а программэхэм сом мелярди 2,5-рэ хухахащ. Щхьэхуэу зэфIагъэкIа лэжьыгъэхэрэ Iэхутхъыбзэхэрэ хэту, промышленнэ предприятэхэм нэгъабэ сом мелард 14,5-рэ и уасэ продукцIэ кьыщIагъэкIащ. Ар и пэ ита ильэсым ельытауэ процент 157,6-рэ мэхьу.

Машинэхуэу, гъущI цIугъэнэхэм елэжь Iэнатlэхэр пашэхэм ящыщ. Абыхэм я зэфIэкIым, зэрызэкIэлыкIуэм хэтэу, процент 131,1-кIэ, процент 139,1-кIэ хэхъащ. Лэжьыгъэфl яIэщ ильэсым сом мелярди 5,5-м щIигъу зэрызгъэкIуэкIа «Кавказкабель» ЗАО-м, «Тэрч налмэс» (сом мелуан 546,6-рэ), «Автозапчасть» Бахьсэн завод» (сом мелуан 510,7-рэ), «Гидрометаллург» (сом зы мелардрэ пщIанибгъуэрэ) ООО-хэм, «Севкаврентген-Д» (сом мелуани 121-рэ) ООО-м, «Машинэхуэхэ» ООО-м продукцIэу кьыщIигъэкIар сом мелуан 25,8-рэ и уасэщ. Ар зэрыхьыр кьыпэщытам и процент 12,9-рэщ.

- Промышленность псынщIэм хьарзынэу зеужь. Ар и фIыгъэщ нужкрей ильэситIым инвестицэ проектышхэу зыбжанэ зэрагъэзащIэм. Нэгъабэ абы и Iэнатlэхэм сом мелуан 915,5-рэ я уасэ продукцIэ кьыщIагъэкIащ. Ар 2010 гъэм яхуэзфэкIам процент 33-кIэ щIегъу. ЕкьулIэныгъэфIэкIэ яIэщ «Эргак» ЗАО-м, «Кариста», «Борэн-Щэкl», «Джеха», «Комплект» ООО-хэм. «Горянка» ОАО-м, «Фэ галантерей», «Фарма Интернейшнал Компани Урысей-СНГ» ООО-хэм я зэфIэкIым кIэрагъэхуащ. Налогрэ нэгъуэщI кьыхаххэмрэ бюджет лIэужьыгъуэ псоми хэлъхьэнымкIэ промышленнэ предприятэхэм кьапэщытар процент 121-кIэ я гъэзэщащ, - кьиргъэльэгъуащ министрым. - Ди зэхэтыныгъэ нэхьыщхьэхэм ящыщщ инвестицэ IуэнгъэхэкIэ щIэгъэхуэбжьэным хуэфащэ щытынкIэ кьихуэзгъэпэщыныр. Республикэм и Iэтащхьэм ища пщIырылым тету, 2025 гъэ пщIондэ Къэбэрдей-Балькъэрым и промышленнэ комплексым зэрызыужьынум и Стратегиемрэ «2012 - 2016 гъэхэм КъБР-м промышленностым и Iэнатlэхэм зэрызыщаужьынур» программэ хэчамэ кьащтащ. Стратегием щыубзыхуахэр, псом япэу инвестицэ проект пэрыт 25-р гъэзэщIэныр зэдгъэхьулIэмэ, Iэнатlэщlэу мини 8-м нэблагъэ кьытхуэзэгъэпэщыныр, промышленнэ предприятэхэм щылажьэхэм я бжьгъэр мин 15-м тхущIегъэгъунущ. Зи гугъу сщы проектхэм инвестицэ мылькуу сом мелард 35,8-р хуоз.

Шипов Владимир зэрыжиIамкIэ, Тырныуэ вольфрам-молибден кьыщIэхьлIэм ущрадам щелэжь и Iэнатlэр зэтегъэувэжыным гугъэфIэкIэ ирапх. КъБР-м и Правительствэм и Унафэкl э кьыщIэрагъэпэща гуп щхьэхуэм нэгъабэ жэпэуэгъэм и 13-м кьищтащ бгы-щагъэбатэ комбинатыр инновацэ технологиехэм тету зэрызэфIагъэувэжыным и Концепцэр. Ар IэхъуэгуитIым тещIыхьащ. А лэжьыгъэр иунэтIынущ «Къэбэрдей-Балькъэрым и вольфрам-молибден компание» ОАО-м. Республикэм и зыужьынигъэм дежкIэ мыхьэнэзэшхуэ зрат Тырныуэ бгы-щагъэбатэ комбинатыр 2017 гъэм ирагъэжьэжыну я мурадщ.

-Тырныуэ зы вольфрам-молибден комбинатыр и лъабжьэу яухуэну иджырей бгы-металлургэ комплексым ефIэкIынигъэшхуэ иIэнущ. Предприятэ зыбжанэу зэхэтыну комплексым кьихьэнущ сырыем нэгъэсауэ елэжьынущ Iэнатlэхэр. Апхуэздзэ вольфрам ангидридхэр, молибден концентратхэр, ферросплавхэр, зэхэтэжьа пкъыгъуэ быдэ хэхахэр, ухуэныгъэм кьыщагъэсэбэп мывэ хьэжахэр. Предприятэр ирагъажьэну, ику ит мазэ улахуэр сом мин 33 - 34-рэ хьууэ IэнатlэщIэу 700-м щIигъу кьызэIуахынущ. Ильэсым сом мелярди 2,5-м нэблагъэ и уасэ продукц кьащIынущ, хэхъуэ кьабзэу сом мелуан 700-м щIигъу яIэнущ. Псори зэхэту а Iуэхум сом мелярди 7-м нэс хуэзщIагъэуIэнущ, - кьиргъэльэгъуащ кьэпэсэльым.

Министрым зэрыжиIамкIэ, я предприятэхэм федеральнэ программэ хэхаэр ягъэзащIэ. Кьапщтэмэ, «2007 - 2010 гъэхэм, апхуэздзэ 2015 гъэ пщIондэ Урысей Федерацэм зыужьымэжьынымкIэ и промышленнэ комплексым зэрызыужьынур» ФЦП-м ипкь иткIэ, «Телемеханика» ОАО-м сом мелуан 30 кьратащ. АбыкIэ пкъыгъуэхэр зэрагъэхьэзыр, зэрызэпкральхьэ технологие Iэмэпсымэхэр ягъэувыну. Предприятэм диодхэр зэрыль, электрокъарум кьыдэзыгъахуэ светофорхэмрэ уэздыгъэ зэмылIэужьыгъуэхэмрэ кьыщыщIагъэкI. Ахэр Налшык и мызакъуэу, Шэджэм, Нарткъалэ федеральнэ гъуэгуэхэм кьыщагъэсэбэп. Вольтышхуэм тещIыхьа Iэмэпсымэхэр щагъэхьэзыр заводым и продукцэм щIэупщIэшхуэ иIэщ. «Урысейм и гъущI гъуэгуэхэр» ОАО-м и Iуэхущапlэхэм ар жьыджэгу ядолажьэ.

«Севкаврентген-Д» ООО-м и Iэнатlэ псори ирагъэфIэкIуащ, я льэщагъым хагъэхьуащ. Иужрей технологиехэр кьагъэсэбэпу, бжьигъэкIэ программэр пхагъэкI.

Пхъэщхьэмыщхьэрэ хадэхэкIыу, гъэшхэжьыу кьрахьлIэным зинужьыным и хэкIыпIэщ абыхэм щелэжь заводэр. Абы кьыхэжьыу апхуэдэ предприятэхэм зегъэубгъуным гулытэ зэхьыбэ хуащI хъуащ. Нэгъабэ республикэм и консерв заводэр хадэхэкI тонн мин 45-м елэжьащ. Абы и Iэнатьныгъэкlэ япэ итщ «Агроннвест-», «Консервпром», «Налшык гъэш комбинат» ООО-хэр.

Зи гугъу тщIа Iуэхугъэхэр зэфIэхыным, проектхэр, программэхэр пхыгъэкIыным щIыхуэр лэжьыгъэкIэ кьыхэзрегъэпэщ. Нэгъабэ мэкъумэш Iэнатlэхэм ику ит лэжьащIэр сом 7722,2-рэ, ерыскьыпхъэ промышленнэ предприятэхэм - сом 7500,6-рэ хъуэ щыщытащ. Улахуэ щIыхуэ зытелъ абыхэм яхэткIым.

Рескомым и унафэщIым кьыхэзригъэльагъащи, а зыужьынигъэхэр кьрикIуащ иджырей эмаиым дежкIуэ агропромышленнэ Iэнатlэм зегъэужьынымрэ кьэралым гулытэ хуищI зэрыхьуам.

- ЕфIэкIуэныгъэхэм кьыдэкIуэу, гугъуехьэхри щыIащ. Агропромышленнэ комплексым, хьэрыуэтыщIэ курытымрэ щыкIымрэ зыIуэ гугъуехьэхэм ящыщу нэхъ узыгъэпIейтейщ лэжьапIэр зэратыпхъэмрэ ар зыхуэдэмрэ. Я нэхъыбэм щат улахуэр мащIэ дыдэщ. УнафэщI куэдым, щхьэзэкъуэ хьарычэтыщIэхэм я лэжьакIуэхэм улахуэу хуагъэувэ. МРОТ-м кьыгъэувым хуэдиз е махуэ кьэс е лэжьыгъэм пкIуэр ират, ахэр зыщыпIи кьыщымыгъэлъэгъуауэ. А псори зытращыхьыжьыр налог зыщытыныр, мыбиоджет фондэм мыльку хамыльхьэныру. Апхуэдэ улахуэ тыкIэм лэжьакIуэхэр хегъэкIыж социальнэ пенсэ страховаными, ят компенсацэ зэмылIэужьыгъэхэм, - жиIащ Бесльэнэйм.

Кьуажэдэс щIалэгъуалэр лэжьыгъэ Iэнатlэкlэ кьызэгъэпэщакьым, ахэр зи гугъу тщIа Iэнатlэхэм дахьэхыркъым, я кьэкIуэнур хальагъуэркъым, зыхэпсэукIыр лэжьапIэ щатыркъым. Профсоюзым бдзжэндырыпажьэхэр, фермерэр, предприятэхэм я лэжьакIуэхэр кьыхэошэным теухуауэ ирагъэкIуэкI лэжьыгъэм кьрикIуэми рескомыр зэкIэ арэзы кьыщыжьыкьыр. Щылэгъуалэ нэхъыбэ профсоюзым кьыхэошэ хъуэу, я зэгухьэныгъэр нэхъ лъэщ хъунущ, щыхуэхэм я зэIуэгъэпэщ псэукIэм теухуауэ кьнIэтхэрэ пхыгъэкIыныжмкIэ сбэзэ зыпыльащ.

Пленумым кьыщаIэта Iуэхугъуэ нэхъыщхьэхэм ятеухуауэ кьэпсэлъащ КъБР-м и Агропромышленнэ комплексым и лэжьакIуэхэм я Бахьсэн, Аруан районхэм, Шэджэм форель лъэпкъыфI заводым я профсоюз комитетхэм я унафэщIэхэу Елмэс Сэхим, Блэнаэу Мухьэмэд, Ету Мухьэрбий сыIэ. Ахэр кьыгъэтеувыащ я лэжьыгъэм, унэтIыныгъэ нэхъыщхьэхэм, кьэкIуэнум гу нэхъ зытыпатрихъу кьаIыпытхэм, я Iэнатlэхэм нэхъ щыIыпхъэпIейтейхэм.

Пленумым кьыщащIэта щIалэгъуалэ Iуэхум теухуауэ кьэпсэльащ КъБР-м и япэ президент Кьэрэшэу Валерэ и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балькъэр мэкъумэш академием и студентхэм я профсоюз организацэм. Агропромышленнэ комплексым и лэжьакIуэхэм я профсоюзым и рескомым и ПщIалэгъуалэ советым я унафэщI Шыбзыхьуэ Нэрзан.

ЗыгуфIэм кьыщыпсэльа куэдым кьапэлъэгъащI кьэралыр властым зэхаахыну, кьагурыIыну зэрыщыгугъыр. Апхуэдэуи кьыхагъащащ я лэжьапщIэр зэрымащIэ дыдэр, ят улахуэм хэкIыу пенсэ фондым зыри езымыгъэхь Iуэхущапlэхэр зэрымащIэр, щIыхуэр пенсэ щыIкIуэм деж ар зэран кьызэрыхуэхъунур.

Егоровэ Галинэ пленумым кьыщаIэта Iуэхугъуэхэм, абы кьыщащта проектым щыубзыхуахэм гулытэ хуищIащ.

- ФызыгъэпIейтей Iуэхугъуэхэр фIы дыдэу кьызгуроIуэ. Рескомым кьыхилъхьахэр властым и Iэнатlэ зыхуэфащэ и деж нэхъэсыныр кьыззэгъэпэщыны фыкьыщоогъугъэ, - жиIащ абы.

Кьыхэдгъэщынщи, нужь зэманым профсоюз рескомэм кьыззащIаубыдэ Iэнатlэхэм, щIыхуэ бжьыгъэм хощI. Щыхъусыгъуэхэм ящыщщ язынькIуэ Iуэхущапlэхэм профсоюз взносхэр ямытын мурадкIэ, ар кьыззэрыгъэтэувыIэр. Щы Iэщ банкрот хъуэ зэхуащIыж Iэнатlэхэрэн. Гу зэрыльытащи, зы рескомым хэкIыу, нэгъуэщIым зезытхэми ароохьэлI э.

Ильэс лэжьыгъэм кьрикIуэхэр щыззэхалъхьэжьа, кьаIэнищIэхэр щаубзыхуэ пленумыр Iуэхугъуэ гуапэкIэ нухащ. «За развитие социального партнерства» бгъэсIу дамыгъэхэр КъБР-мкIэ «Россельхозцентр» ФГБУ-м и унафэщI Блинов Станиславрэ республикэм и «Ветеринар управленэ» кьэралIуэхущапlэм и Iэтащхьэ Пуп Резуанрэ ираташ.

Центральнэ комитетым и Щыхъ тхыльхэр Iуэхущапlэ зыбжанэм я профсоюз комитетхэм я унафэщIхэм хуагъэфащащ. Фыщщ тхыльхэр ираташ Шыбзыхьуэ Нэрзан, профсоюз гъащIэм жыджэру хэт студент гупым.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

●Адыгэ цIэрыIуэхэр

Совет Союзым и Лыхъжь Иуан Хьэсэн *(1918 - 1972). Сурэтыр* **Колесников Иван** *трихащ. 1965 гъэ*

●Коллегиехэр

КъайхъулIахэмрэ къапэщытхэмрэ

КъБР-м и Жылагъуэ палатэм щеIэлIуащ а зэгухьэныгъэм и деж щыIэ ЩIалэгъуалэ советым бдзкIа гъэм зэфIигъэкIа лэжьыгъэм, дипжкIэ кьынпщыт кьалэнхэм. Нэхъыкьу щысащ палатэм и унафащIэм и кьуэ Федченко Людмилэ.

ФЕДЧЕНКЭ Людмилэ кьыхэзыгъеледжьлыкIащ ЩIалэгъуалэ советыр Iуэху куэд зэфIэхыным зэрыхэлIыфIыхьыр. «ЩIалэгъуалэ советыр КъБР-м и Жылагъуэ палатэм и кьудамэщ икIи КъБР-м и Жылагъуэ палатэм теухуа республикэ законым кьыщыгъэльэгъуа хабзэхэр фэри кьывэхьэлIащ, - жиIащ абы кьыззэхуэсахэм захуигъаэзри.

Я лэжьыгъэр кьыпщытэу кьэпсэльащ ЩIалэгъуалэ советым и унафэщI Тхъэмокъуэ Нафисэ. Абы и псалъэхэм ятепщIыхьмэ, ар зи унафэщI гупыр хущIэкьуащ щIалэгъуалэ зэгухьэныгъэхэм я лэжьыгъэр зэщIигъэуIэну. Мы зэманми и кьаурр ирехьэлIэ щIалэгъуалэ зэгухьэныгъэхэр зэкъуэгъэувэным, абыхэм яхэкъуууэ ядэлэжьэным, ныбжьыщIэхэр псэукIэ узынщэм хуащIынум.

«ЩIалэгъуалэ советым и жэрдэмкIэ, республикэм кьыщыщIэрагъэпэщащ щIалэгъуалэ зэгухьэныгъэхэр щызэзэнджэщ щIыпIэ. Абыхэм ират щызэкIэлъыплъ, нэгъуэщI зыхуеинуэр», - жиIащ кьэпсальэм.

ИужькIэ Тхъэмокъуэм кьрибжэкIащ ЩIалэгъуалэ советым зэфIигъэкIа Iуэхуэхэр.

КьыхэгъэщхьэхуКIэм хуейщ советым и лэжьыгъэр интернет сайт зыбжанэм тэмэму кьыззэрыщыгъэлъэгъэр.

БлэкIа лъэхъэнэм гупыр жьыджэру хэтащ КъБР-м и Жылагъуэ палатэм, нэгъуэщI зэгухьэныгъэхэм ирагъэкIуэкIа Iуэхуэхэм. Абыхэм ящыщу нэхъ инщ Невинномыск кьалэм (Ставрополь край) щекIуэкIа щIалэгъуалэ зэIущIэщхэр.

2012 гъэм апхуэдэ лэжьыгъэм пащэнущ. Гулыгъэ щхьэхуэ хуащIынущ жылагъуэ кIэлъыплъныныгъэр гъэльэныным, республикэ, уресейпсо зэпеуэхэм хэтыным, кьэрал щIалэгъуалэ политикэр пхыгъэкIыным.

ОЛЬМЕЗОВ Расул,
КъБР-м и Жылагъуэ палатэм и пресс-Iуэхущапlэм и унафащI.

Социальнэ лифтхэр мэлажьэ

Урысей ФСИН-м и Iуэхущапlэмрэ КъБР-м щыIэм тезырыр щагъэзэкIуэж колониеу №1-м ягъэтIысахэм тезырыр ящыгъэпсынщIэнымкIэ аттестацIэ комиссиэм и чэзу зэIущIэ щекIуэкIащ.

АБы ХЭТАЩ УФ-м и Жылагъуэ палатэм кьыбгъэдэкIыу тезырхэр щрахьэкI щыIпIэхэм кIэлъыплънынымкIэ жылагъуэ комиссэм и унафэщIу КъБР-м щыIэ Эндреев Мэгъэзалий, КъБР-м и Жылагъуэ кIэлъыплъакIуэ комиссэм хэт Гъукlэ Юрэ, республикэм и чристэн дин лэжьакIуэхэм я пашэ Бобылев Валентин, КъБР-м и Мусылманхэм я дин Iуэхущапlэм и лIыкIуэ Отаров Хьэзыр сымэ. Ахэр ягъэтIысахэм я Iуэхуу 5-м хэпльащ. Абыхэм тезырыр зэрырахьэкIым, колонием щекIуэкI Iуэхугъуэхэм зэрыхэтым, кьэкIуэнум теуха я мурадхэм, гъащIэ хуитым ягъэззэжмэ кьащыпэплъэм, нэгъуэщI упщIэ куэдкIэ зыхуагъэзащ.

Комиссэм хэтхэм тезырыр ешыхьэкI цIыхуи 3-м кьыззэрапщытэ мазэ пIалъэ хуагъэуващ. ТутнакъитIыр нэхъ пасэу хуит щIыжьным теуха лъэIур зэдзарэзыуэ даБыгъащ.

Колонием и унафащIым гъэсэныгъэ лэжьыгъэмкIэ и къуэдзэ ГъущIо Рустам кьыззэхуэсахэм защIыхуигъэзэм кьыхихгъэщащ, 2020 гъэ пщIондэ уголовнэ-гъэзэщIакIуэ системэм зегъэужьыным теуха концепцэм тезырыр ешыхьэкIэр зэблэзэм тетыныр тезыгъэгушхуэ унэтIыныгъэхэр зэрыщыгубыхуар.

КъэщIэжэр колонием и чристэн, мусылманэм я дин Iуэхущапlэмрэ и пресс-Iуэхущапlэм и лIыкIуэ Отаров Хьэзыр сымэ. Ахэр ягъэтIысахэм я Iуэхуу 5-м

●КъБР-м и прокуратурэм

И пIалъэм щыхоплъэ

ЩIыхумрэ гражданинымрэ я хуитыныгъэхэр хъужмэныр кьыззэрэпэщыным прокуратурэм и лэжьакIуэхэм гулытэ хэха хуащI. Гражданэм я тхыльхэм хэпльэныр щIыхум и правахэмрэ кьэралым и сэбэп зыхэльхэмрэ зэрахъумэ Iэмал нэхъыфIхэм ящыщу кьалытэ. А лэжьыгъэр ирагъэкIуэкI УФ-м и Прокурор нэхъыщхьэмрэ республикэм и прокуроремрэ я унафэхэм тету.

2011 ГЪЭМ КъБР-м и прокуратурэм и Iэнатlэхэм щIыхуу 8118-м (и пэ ита ильэсым 6753-м) зыкьыхуэгъэзэри, тхыгъэ 5516-м щIыхэпльащ, 1224-р ахэр нэхъыбэу зыхуэгъэза щIыпIэ унафэр зезыгъаIуэ, кIэлъыплъакIуэ Iуэхущапlэхэм ираташ. Тхъэусыхафэхэр щхьэусыгъуэншэкъым. ЦIыхухэм зэрызыхуагъэзахэм хэпльэри, яхуэзымыдэ тхылъу 41-рэ, кьалэн ящызыщIу 487-рэ кьузнэхэм хуатхащ, судым икх 954-рэ ираташ, хабзэм текI зэрымыхъунур унафэщI 19-м гурагъэIуащ.

Нэхъапэми хуэдэу, тхъэусыхафэхэм я нэхъыбэр псэупIэм, лэжьыгъэм, щIым, дыкъэзыхъуреихь дуней хъужмэным теухуа законодательствэм зэребакъуэм, суд пристав-гъэзэщIакIуэхэр я кьалэнхэм зэремыгугъуэм, балигъ мыхъуахэм я хуитыныгъэхэм зэрабзэкIэ я сэбэп зыхэльхэмрэ кьызэрызэпаудым, нэгъуэщIхэми ехьэлIащ.

Прокуратурэм и Iэнатlэхэр суд пристав-гъэзэщIакIуэхэм я Iуэхущапlэмкlэ арэзыкъым. Я кьаланхэр щыубзыхуэ Федеральнэ законым кьигъэувэм ахэр йобакъуэ, щIыхуэ зытелъым и хэщIапIэр, и лэжьапIэр кьэхутэныр, и хэхъуэр зыхуэдизыр зэгъэщIэныр тэмэму кьыззэрагъэпэщыркъым.

Балигъ мыхъуахэм я Iуэхукlэ законхэр кьызэрызэпаудым теухуа тхьэусыхафэхэм процент 61-кIэ хэхъуащ. Ар кьыхэкIащ УФ-м и ГПК-м и 45-нэ статьям зэритым хуэдэу, балигъ мыхъуахэм я сэбэп зыхэльхэр зэрагъэгушхуэрэ судхэм иск тхылъхэр зэрыратам. Абыхэм ящыщщ псэупIэм ехьэлIаХэри.

Уголовнэ тезырыр егъэхьын и льэныкъуэкIэ законхэр зэрагъэзащIэм теухуауэ зэрызыкьыхуагъаззэхэр зэрызэпэщыкI щыIэкъым. Ахэр нэхъыбэу кьызыбгъэдэкIэр Налшык Iэщхьэ кьаразрытеуам кьыхэкIыу яубыдаэрщ, я Iыхьлыхэрщ, я зэчыльхэрщ. Абыхэм кьагъэув СИЗО-м исхэм я Iэр кьэхуэзыIэт изоляторым и лэжьакIуэхэр жэуапым ирашIэлIэну, яубыдаэр зэраIыгъ щIыкIэр ирагъэфIэкIуэну, унагъуэ ерыскъыхэр, муслымэн шхыныгъуэхэр ираты ну хуит зыщIыну. ЩIытыкIэ ткIийр кьагъэщIэбэн мурадкIэ, КъБР-м и прокуратурэм, тезырхэр егъэпшынысынымкIэ Федеральнэ Iуэхущапlэм и щIыналъэ кьудамэм я лэжьакIуэхэр, республикэм и жылагъуэ IалъэлIыкIэ Iуэхум ехьэлIащ. Абы щыгъуэ СИЗО-м щыIащ, абы щаIыгъэхэм яущыщу зызыгъэмэжалIэхэм яхуэзащ. Зэпсэльа нэужь, псоми шхэщIадзэжащ. Апхуэдэу республикэм и прокуратурэм и унафэщIхэр шэч зыхуащIхэмрэ я гъэкъуанщэхэмрэ зыщыхуагъэза Къэбэрдей-Балькъэрымкlэ федеральнэ инспектор нэхъыщхьэм, КъБР-м ЦIыхум и хуитыныгъэмкIэ и уполномоченнэм, Мэзкую кьалэм щIэ щIынаIъэхэм я зэдай «Мемориал» жылагъуэ организацэм и IыхьлIащ. Кьэрал Iуэхущапlэхэмрэ жылагъуэмрэ СИЗО-м щыщыIэ щыгъыкIэм хагъэгъэзащ, тхъэусыхафэм зекIуэ законодательствэм щыубзыхуахэр хуэпкърадзащ.

Республикэм и прокуратурэм и Iэнатlэхэр улахуэмкIэ щIыхуэхэр зэрызэтрагъэкIыжьыр кIэлъыплъ. Абы и льэныкъуэкIэ тхъэусыхафэхэр щхьэкIэ щIыхуэхэр зэрызэтрагъэкIыжьыр Арамий, лэжьыгъэ зэхуэщIыкIэхэр зэрагъэзащIэм зэпымыуэу я кIэлъыплъныпхъэщ. Сыту жыIэмэ, зыхэпльа тхъэусыхафэхэм я процент 55-р абы хуоз. Апхуэдэщ улахуэр зэрагъэгувэр, лэжьыгъэр хъужмэныкIэ хабзэр зэрамытызэщIэщ, щIыхуэхэр Iэнатlэхэм зэрыIуагъэкI законодательствэр кьызэрызэпаудыр.

Республикэм и ГИБДД-мрэ ОВД-хэмрэ я унафэщIхэм я Iуэхущапlэхэм тхъэусыхафэр кьэкIуэ кьеIащ. Властым и хабзэзэгъэувэ Iэнатlэм и кьудамэ псоми я депутатхэми прокуратурэм и Iуэхущапlэхэм зыхуагъэзащ. Отчет лъэхъэнэм кьриубыдэу УФ-м и Къэрал Думэм и депутатхэм, Федерацэмкlэ Советым хэтхэм, республикэм и къэрал властым и хабзэзэгъэуэ органым и IыхьлIэхэм я тхыгъэ 7-м хэпльащ икIи хуэфащэ унафэ кьыхуагъуэтащ. ЦIыхухэм хабзэкIэ я сэбэп зыхэльхэр зыхьымэ жылагъуэ организацэхэм 26-рэ я зыкьыхуагъэзати, псори и пIалъэм зэпкърахащ.

УФ-м и Прокурор нэхъыщхьэмрэ республикэм и прокурорымрэ я унафэхэм тету, ди куейхэм цIыхуэхэм щахуозэ. Нэгъабэ щIыхуэ 2043-м я Iыхьлыкъэсэбэпащ. Прокурорхэмрэ абыхэм я кьуэдзэхэмрэ 815-м яIущIащ.

Илъэс кIуэм зэфIагъэкIахэм тепщIыхьмэ, щIыхуэхэм зэрызыкьыхуагъазэхэм зэрыхэпльэ щIыкIэр хабзэм тету кьызэрагъэпэщ, абыхэм унафэ хэха кьыхуагъэI.

КъБР-м и прокуратурэм и пресс-Iуэхущапlэ.

●Профсоюзхэр

ЩIалэгъуалэ нэхъыбэ къыхашэху, зэгухьэныгъэр нэхъ лъэщ мэхъу

**Профсоюзхэр хущIокъу социальнэ Iэнатlэм гулытэ нэхъыбэ хуегъэгъэщIыным, хуэмыщIауэ псоу хэр нэхъ мащIэ щыIным, зэгухьэныгъэр нэхъыбэ хуэхъуным ренэгъэсэным, зэхуэдэу яIэным. Дэтхэнэри гъэкIыгъэ Iэнатlэкlэ кьызэгъэпэщыныр, хуэфащэщ улахуэ яIэным,

«Гъуазэ» газетым тета тхыгъэхэм ящыщхэр

ПыІэ зэфІэхыщ къызыхуэнар[1]

АДЫГЭМ иужькІэ игу къэкІыжыр ящэнэ къэкІыу щытамэ, цІыху пэлъэщымкІэ - жаІэу ижьыІэ зауІым яхуэдэу, Псыжь дэс кІуажэитхум еджапІэ зэІуахыну яужь итхуэу зэхэтхащ, а кІуажэитхурэ мыхэращ: Тохьутэмыркьуей, Бдзыхьэпіыкьуей, Жъдыпсыкьуей, Іъыотэн хьэблэ, Хьэтыхьужьыкьуей[1].

Побэ щІэныгъэу щыІэм елым я бзэкІэ емыдажьи лъэпкъэр йокІуэкІ еджэнымрэ щІэныгъэмрэ хуэІэзэу, уэпшэрыуэу хъуа кьуажэ екъуэлІахэм хуэпсалъэ зэпльту (яубу), гупсэхуГуэ ямыГуэту. Апхуэдэхэр мыпкъуфІ кьаІэщІэмыхьэу, кьынн ящэчу псэунухэщ, мащІэ - мащІэрэ кІуэдыкьынухэщ.

Мы Іуэхур зэрыпахъэм ІуІ пьызытэу еджапІэхэр зэІуэыха кІуажэхэм, егъащІэкІэ мыкІуэдыжьын напэрэ, щытхъурэ къыззрагъажьар пэжщ. Апхуэдэхэм щапІхэ ятесхыыу, еджапІэ зэІуахыну зыуухэзэм, Тхъэр арэзы яхуэ, Тхъэм я Іъэ хэпъ ерэрэ къадигъэхъу!

* * *

ХЭКУЖЬМКІЭ,ТІуапсей и пъэныкъуэкІэ, щыІэ Агуей къуажэм, адыгэбзэкІэ ирагъэджэн папщІэ зы еджапІэ зэІуахуэу зэхэтхати, ди Іуапэ хъуащ.

* * *

ХЭКУЖЬМ щыпсэухэм яящыщу Гъубэкъуей[2] къуажэм я ефэнды Хьэбиб, зы ипъэкІэ «Гъуазэрищэхуну жиІэри, урыс ахъшэу сомиплІ кьыІтхуи гъэхьащ. НэгъуэщІ зы сомИ - Истамбыл щыпсІуІтхыну зи ужь дит адыгэ еджапІэм папщІэ.

* * *

ХЭКУЖЬ адыгэхэм яящыщу Пэнэхэс[3] къуажэм дэс щыхупплІым ди «Гъуазэ» ящэхур. Ахэр Тухъ ТІухъу, Къэрэбатыр и къуэ хьэжьы Асльэн, хьэжьы ІІэпщхьэч ипхъу Сожэрэ Болэт ипхъу Хьэдидждэрэщ.

«Гъуазэ», №37, гъатхэпэм и 16, 1912 гъэ

1.Мы къуажэхэм пэж дыдэу а зэманым еджапІэхэр къыщызэІуахуэ ди къэралым щатхыкъахэми къахощ. Езы жыпэхэми тхыдэшхуэ яІэщ, Къапщтэмэ, *Тохьутэмыкьуейр* 1860 гъэм тІысащ, иджы Адыгэ Республикэм хохьэ, зы зэман «Октябрьскэ» фІащащэу щытащ; *Хьэтыхьужьыкьуейр* (Хьэтыхьужьыкьуай, Хатажкай) 1864 гъэм абдеж тІысащ, Адыгеим и Щоджэн районым хохьэ.

2. *Гъубэкъуей*-Гъубэкъуай (Гобокай) 1842 гъэ лъандрэ щыІащ, 1940 гъэм Теуцэжьыхьабл («Теучежскэбль») фІащыжащ.

3. *Пэнэхэс* - мыри араш (Банэхэсэкіи йодкэ). 1883 гъэм ягъэтІысащ, Чэттхьэтэ псым и ижьырабгъу пэмыкьуэм Іусщ (Адыгэ Республикэ).

Адыгэм ди кІуэдыжькІэр

ЗИ УНАФЭ къэсщІынур зы лІэщІыгъуэ-ныкъуэ иэхъыбэ лъандэрэ дызытеунахуэм кърикІуэ Іуэхурщ.

Мы Іуэху пщыхьмышэм нобэ имыгъэгужьейуэ, адрей гукъеуэгъуэ псом нэхъ игу кьемыуэгуэ нобэ тхэтыр куэду зырыщ.

